

# Zouti Kominote Eta New York

Yon gid resous pou imigran Nouyòkè yo  
Janvye/Fevriye 2025



Kowalisyon Imigrasyon New York te devlope zouti sa a pou bay yon resous pou manm kominotè ak patnè ak alye nou yo ki travay avèk yo. Yo mete zouti sa a ajou regilyèman selon chanjman lwa ak règleman yo.

Dènye enfòmasyon ki te ajou sou: 02.24.2025

## **Kontni**

- |  |           |
|--|-----------|
| • Sante                                    | <b>3</b>  |
| • Mizajou nan règleman imigrasyon          | <b>5</b>  |
| • Moun ki fèk vini ak moun kap chèche azil | <b>7</b>  |
| • Resous fanmi                             | <b>9</b>  |
| • Lekòl ak edikasyon                       | <b>10</b> |
| • Otonomizasyon finansye                   | <b>11</b> |
| • Demokrasi                                | <b>12</b> |
| • Konnen dwa ou yo                         | <b>13</b> |
| • Sekirite Kominotè                        | <b>14</b> |
| • Resous NYS                               | <b>15</b> |

# Sante



## Asirans Sante

- Nouyòkè yo ka jwenn asirans sante piblik ak komèsyal atravè NY State of Health.
  - Si w kalifye pou Medicaid, Essential Plan, oswa Child Health Plus, enskripsiyon an ouvè tout ane a.
  - Si w jwenn asirans sante komèsyal, enskripsiyon ouvè ap kòmanse 1ye Novanm 2024 epi kontinye jiska 15 Janvye 2025.
- Kijan pou enskri
  - Jwenn asistans enskripsiyon gratis nan men yon Navigatè, an pèsòn oswa pa telefòn. Jwenn yon Navigatè nan [info.nystateofhealth.ny.gov/panavigatorsitelocations](http://info.nystateofhealth.ny.gov/panavigatorsitelocations).
  - Rele Sant Sèvis Kliyan Eta Sante NY nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).
  - Sou entènèt nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov). Yon fonksyon chat disponib sou sitwèb la pandan èdtan sant sèvis kliyan yo pou ede w ranpli aplikasyon w lan.
  - Rezidan Vil Nouyòk: rele 311, voye tèks "CoveredNYC" nan 877-877, oswa vizite [on.nyc.gov/healthinsurance](http://on.nyc.gov/healthinsurance) pou jwenn èd ak resous adisyonèl.
- Jwenn enfòmasyon nan plizyè lang sou pwoteksyon sante nan [info.nystateofhealth.ny.gov/InformationalMaterials](http://info.nystateofhealth.ny.gov/InformationalMaterials)

## Kouvèti Sante elaji pou Benefisyè DACA yo

- Benefisyè DACA yo elijib kounye a pou pwoteksyon swen sante anba Lwa sou Swen Abòdab (ACA), ke yo rele tou Obamacare.
- Kouvèti sante elaji a gen ladan Plan Esansyè la ak lòt Plan Sante Kalifye.
  - Si w kalifye pou Medicaid, Essential Plan, oswa Child Health Plus, enskripsiyon ouvè pandan tout ane a.
- Pou w enskri, vizite [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov).

## Ekspansyon Kouvèti Plan esansyè

- Apati Avril 2024, plis Nouyòkè pral elijib pou Plan Esansyè la.
  - Ekspansyon an gen ladan rezidan New York ki gen revni jiska 250 pouzan Liy Povrete Federal la.
  - Ekspansyon an gen ladan tou benefisyè Aksyon Difere pou Arive Timoun (DACA).
    - Apati 1ye Out 2024, moun ki resevwa DACA yo ka jwenn pwoteksyon sante pi bon mache atravè Plan Esansyè la.
    - Apati 1ye Novanm 2024, moun ki resevwa DACA yo ka jwenn pwoteksyon sante ki pi bon mache atravè Plan Sante Kalifye.
  - Si w enskri kounye a nan Plan Esansyè la epi w ansent, w ap kapab rete enskri nan plan w ye kounye a, olye yo re-evalye w pou Medicaid.
- Pou aprann plis sou Plan Esansyè la, vizite [info.nystateofhealth.ny.gov/EssentialPlan](http://info.nystateofhealth.ny.gov/EssentialPlan).
- Pou aprann plis sou enskripsiyon nan Essential Plan kòm yon benefisyè DACA, vizite [on.ny.gov/41sKYcs](http://on.ny.gov/41sKYcs)

## Kouvèti Medicaid pou imigran san papye yo ki gen laj 65 ane oswa plis nan Eta New York

- Apati 1ye Janvye 2024, imigran san papye yo k ap viv nan Eta New York ki gen laj 65 ane oswa plis, epi ki satisfè sèten kondisyon revni, pral kalifye pou Medicaid konplè (kontrèman ak Medicaid ijans sèlman).
- Kijan pou enskri
  - Si w genyen Medicaid pou Ijans kounye a, ou ka tranzisyonne nan Medicaid konplè lè w swiv enstriksyon ki nan lèt NY State of Health.
    - Ou ka chwazi tou pou kontinye resevwa sèlman Medicaid ijans.
  - Si ou pa gen asirans, epi ou poko genyen Medicaid pou Ijans, ou dwe aplike nan Depatman Sèvis Sosyal Lokal ou, oswa nan Administrasyon Resous Imèn Vil Nouyòk.
  - Si w bezwen asistans oswa si w gen kesyon, rele NY State of Health nan 1-855-355-5777. Asistans nan lang ki disponib.

# Sante



## Vaksen kont COVID-19, Grip, ak RSV ki an sekirite ak efikas

- Kounye a gen yon vaksen COVID-19 2024-2025 ki ajou.
  - Vaksen COVID aktyalize a kouvri pifò nan tansyon viral aktyèl yo ke yo obsèvè nan New York ak Ozetazini.
  - Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) rekòmande pou tout moun ki gen laj 6 mwa oswa plis pran youn nan vaksen ki ajou yo.
  - Sa gen ladann moun ki te pran yon vaksen COVID-19 AK moun ki te gen COVID-19 anvan.
  - Pou plis enfòmasyon sou vaksen COVID-19 2024-2025, vizite [cdc.gov/covid/vaccines](https://cdc.gov/covid/vaccines)
  - Pou jwenn vaksen ki ajou nan yon kote ki toupre w, vizite [vaccines.gov](https://vaccines.gov)
  - Si w gen sentòm COVID-19 oswa si w ekspoze, ou ta dwe fè tès la.
    - Tès COVID-19 ka ede w deside kisa pou w fè lè w malad, tankou resevwa tretman bonè pou anpeche maladi grav oswa izole pou diminye risk pou maladi simaye.
    - Apati fen septanm 2024, fanmi ameriken yo pral kapab kòmande 4 tès COVID-19 gratis lakay yo nan [COVIDTests.gov](https://COVIDTests.gov)
- Vaksen Grip 2024-2025 la disponib kounye a.
  - Vaksen aktyalize kont grip la pwoteje kont twa souch grip la.
  - CDC rekòmande vaksen kont grip la pou tout moun ki gen 6 mwa oswa plis.
  - Moun ki gen 65 ane oswa plis, moun ki gen sèten kondisyon medikal kwonik, timoun piti ak tibebe, ak moun ki ansent yo gen plis risk pou yo devlope konplikasyon grav nan grip la.

- Manm publik la ka swiv dènye tandans grip Eta New York yo sou Grip Tracker Depatman an nan [nyshc.health.ny.gov/web/nyapd/new-york-state-flu-tracker](https://nyshc.health.ny.gov/web/nyapd/new-york-state-flu-tracker).
- Vaksen pou Viris Respiratwa Syncytial (RSV) disponib kounye a.
  - Vaksen an ka ede anpeche maladi aparèy respiratwa pi ba yo RSV te koze.
  - Yo rekòmande vaksen an pou moun baze sou laj yo ansanm avèk lòt faktè risk yo.
    - Yo rekòmande pou moun ki gen 75 an oswa plis pran vaksen an.
    - Moun ki gen 60 a 74 ane ta dwe pale ak founisè swen sante yo pou mande si yo gen pi gwo risk pou yo gen RSV grav.
    - Moun ki ansent ka pwoteje tibebe yo kont RSV lè yo pran yon vaksen matènèl. Moun ki ansent ta dwe kontakte obstetrisyen/jinekològ yo pou plis enfòmasyon.
  - Genyen tou yon vaksen ki disponib pou tibebe ki fenk fèt ak ti bebe yo rele nirsevamab.
    - Tibebe ki fenk fèt yo ka resevwa sa nan lopital la apre nesans, epi tibebe ki pokonbo gen 8 mwa yo ka jwenn li nan men pedyat yo

## Mpox

- Apati mwa Out 2024, Òganizasyon Mondyal Lasante te deklare Mpox, ki te deja monkeypox, kòm yon ijans sante publik.
- Mpox pwopaje sitou nan kontak entim, sèks, oswa kontak pwolonje po a po ak yon moun ki gen viris la.
- Sentòm Mpox gen ladan gratèl, maleng, oswa ti anpoul sou kò ou
- Moun ki riske ekspoze yo ka resevwa vaksen JYNNEOS la.
  - Vaksen de dòz la gratis epi li disponib pou Nouyòkè yo kèlkeswa sitiyyasyon imigrasyon, oryantasyon seksyèl, oswa idantite sèksyèl.
  - Pou plis enfòmasyon sou vaksen kont Mpox la ak pou jwenn yon sit pou vaksen, vizite [cdc.gov/mpox/](https://cdc.gov/mpox/).
- Pou plis enfòmasyon vizite [nyic.org/resources-training/kyr/#16](https://nyic.org/resources-training/kyr/#16)

# Mizajou nan règleman imigrasyon



## Ranfòsman Imigrasyon nan lokasyon ki sansib yo

- Nan mwa Janvye 2025, administrasyon Trump lan te anile yon politik ki dire lontan ki te dirige ICE ak CBP pou evite ranfòsman imigrasyon nan "kote sansib" oswa "zòn pwoteje yo."
  - Anvansa, règleman an te bay kèk pwoteksyon pou lokal tankou lekòl, etablisman swen sante, ak kote pou adore, ansam ak antèman, maryaj, ak manifestasyon piblik, soti nan ranfòsman imigrasyon.
  - Kounye a, ICE ak lòt ajans yo pa gen restriksyon ankò pou yo fè aksyon ranfòsman nan lokal sa yo ak toupre yo.
  - Administrasyon Trump lan te bay tou yon direktiv ki pèmèt ranfòsman nan tribinal.
- Nouyòkè yo toujou gen kèk pwoteksyon nan espas sa yo.
  - Yon Dekrè Egzekitif Eta New York 2018 entèdi ranfòsman imigrasyon nan etablisman Eta New York tankou yon lekòl piblik oswa lopital sof si ICE gen yon manda jidisyè.
  - Lwa sou Pwoteksyon Tribunal Nou yo pwoteje Nouyòkè yo kont arrestasyon nan tribinal eta, vil ak minisipalite san yon manda jidisyè.
  - ICE ak lòt ajan yo pa kapab antre nan "espas prive" yon espas travay san yon manda jidisyè oswa konsantman pwopriyetè a oswa manadjè espas travay la.
- Pou plis enfòmasyon, vizite [nyic.org/2025/02/fact-sheet-trumps-expansion-of-enforcement-in-communities-and-how-sensitive-locations-can-prepare/](https://nyic.org/2025/02/fact-sheet-trumps-expansion-of-enforcement-in-communities-and-how-sensitive-locations-can-prepare/)

## Lwa sou Laken Riley

- Lwa Laken Riley te siyen an lwa 29 Janvye 2025. Dapre nouvo lwa sa a, ICE kapab arete sèten imigran yo akize de sèten krim san yo pa gen opòtinite pou yo chèche libere sou kosyon pandan dosye yo annatant.
  - Remak: Yon moun pa bezwen kondane pou okenn krim pou yo fòse nan detansyon obligatwa.
- Krim ki ka mennen nan detansyon gen ladan vòlè, vòl oswa vòlè, vòl nan boutik, atake yon ofisye ki fè respekte lalwa, ak nenpòt krim ki lakòz lanmò oswa blesi kòporèl grav yon lòt moun.
- Si yo arete yon imigran san papye pou nenpòt nan krim yo anba zak la, yo gen risk pou yo rete nan prizon pandan tout dosye imigrasyon yo.
- Lwa Laken Riley a pral afekte prensipalman imigran san papye ki te antre Ozetazini lè yo travèse fwontyè ant pò antre yo.
- Lwa a pa aplike pou:
  - Moun ki gen kat vèt (rezidan pèmanan legal)
  - Moun yo te akòde estati refijye andeyò Etazini epi ki te antre nan estati sa a
  - Moun ki te antre Ozetazini ak yon viza, menm si yo te depase sejou viza yo.
  - Moun ki nan "ekspedisyon rapid"
- Pou plis enfòmasyon, vizite [nipnlg.org/sites/default/files/2025-01/2025\\_NIPNLG-Laken-Riley.pdf](http://nipnlg.org/sites/default/files/2025-01/2025_NIPNLG-Laken-Riley.pdf)

## Kondisyon pou Kiben, Ayisyen, Nikaragweyen, ak Venezyelyen (CHNV)

- Nan dat 20 Janvye 2025, yon lòd egzekitif te deklare ke USCIS ta sispann akseptasyon Fòm I-134A, Demann sou Entènèt pou Sipò ak Deklarasyon Sipò Finansye pou nouvo aplikasyon pou pwogram parole.
- Yo ankouraje moun ki nan kondisyon libète pwovizwa pou yo pale ak yon avoka imigrasyon sou opsyon yo genyen pou aplike pou lòt fòm sekou imanitè.

# Mizajou nan règleman imigrasyon

## Estat Pwoteksyon Tanporè (TPS / Temporary Protected Status)

- Gouvènman Ameriken an ka deziyen yon peyi etranje pou TPS si sèten kondisyon, tankou konfli ame oswa dezas natirèl, anpeche sitwayen peyi sa a retounen san danje.
- Pandan yon peryòd deziyasyon, moun ki aplike pou TPS epi ki resevwa yo:
  - Yo pwoteje kont depòtasyon
  - Ka jwenn yon pèmi travay ak nimewo sekirite sosyal
  - Yo ka akòde otorizasyon vwayaj
  - DHS pa kapab arete yo akoz estati imigrasyon yo
- TPS se yon benefis tanporè ki pa mennen nan estati pèmanan. Sepandan, moun ki gen TPS yo ka aplike pou nenpòt lòt avantaj imigrasyon oswa estati non imigran ke yo kalifye pou yo.
- Peyi ki deziyen kounye a pou TPS:
  - Afganistan, Burma (Myanma), Kamewoun, El Salvador, Letiopi, Ayiti, Ondiras, Nepal, Nikaragua, Somali, Soudan, Sid Soudan, Siri, Ikrèn, Venezyela, Yemèn, Liban
- Pou enfòmasyon espesifik sou peyi a, kondisyon elijiblite, peryòd enskripsyon, ak dènye mizajou, tcheke [uscis.gov/TPS](https://uscis.gov/TPS).
- Tout aplikan TPS yo kapab kounye a depoze Fòm I-821, Aplikasyon pou Estati Pwoteje Tanporè, sou Entènèt nan [uscis.gov/i-821](https://uscis.gov/i-821).
- Deziyasyon DHS ke administrasyon Biden te fè yo sou revizyon. Revizyon DHS sou deziyasyon TPS yo ka lakòz yo anile deziyasyon TPS yo.
  - Nan dat 1ye Fevriye 2025, DHS te revoke TPS pou Venezyelen ki te resevwa TPS nan dat 3 Oktòb 2023.
    - Moun sa yo pral pèdi estati ak otorizasyon travay nan dat 7 Avril 2025.
    - Revokasyon sa a pa aplike pou sitwayen Venezyelen ki te aplike pou epi ki te resevwa TPS anba deziyasyon 2021 an, ki pral rete anvigè jiska 10 Septanm 2025.



- Nan dat 20 Fevriye 2025, DHS te revoke pasyèlman TPS pou Ayisyen.
  - Peryòd ekstansyon ak re-deziyasyon Ayiti pou TPS te koupe soti nan 18 mwa pou rive nan 12 mwa, ak yon nouvo dat finisman nan 3 Out 2025. Peryòd enskripsyon inisyal la pou nouvo aplikan yo pral fini tou nan 3 Out 2025.
- Moun ki gen TPS soti nan Venezyela ak Ayiti ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon pou wè si yo kalifye pou lòt pwogram yo.
- Manm kominote yo ta dwe kontinye tcheke deziyasyon TPS peyi yo epi rete okouran de sitiyasyon yo.

## Aksyon Difere pou Timoun ki Rive yo (DACA / Deferred Action for Childhood Arrivals)

- Nan dat 17 Janvye 2025, Tribunal Apèl Senkyèm Awondisman an te bay yon desizyon ki te konfime règleman DACA 2022 Administrasyon Biden ki bay benefis otorizasyon travay pou benefisyè DACA yo te ilegal.
  - Desizyon an kontinye anpeche gouvènman an apwouve nouvo aplikasyon DACA, men renouvèlman DACA yo ka kontinye pou kounye a.
- Nan dat 13 Septanm 2023, U.S. Tribunal Distri Ameriken pou Distri Sid Texas te deside kont DACA, li te deklare ke pwogram nan te ilegal.
- Litij ap kontinye, kidonk li posib ke pral gen lòt chanjman nan pwogram lan.
- Anretan, DHS ap kontinye aksepte ak trete demann renouvèlman DACA (ki gen ladan demann pou pèmi travay ak libète kondisyonèl alavans). DHS pral aksepte men li pap trete premye demann DACA yo.
  - Si w genyen DACA kounye a, estati w toujou valab.
  - Si DACA ou a ekspire nan sis pwochen mwa yo, renouvle l kounye a!
  - Si w te soumet yon premye aplikasyon DACA pou USCIS ki poko akòde, aplikasyon sa a pral jele. Li p ap trete jiskaske gen yon lòt avi.
- Moun ki te déjà resevwa Aksyon Difere pou Timoun ki rive yo (DACA) kapab kounye a depoze Fòm I-821D (aplikasyon pou renouvèlman DACA) ak I-765 (aplikasyon pou renouvèlman pèmi travay) sou Entènèt.
  - Depo sou entènèt disponib pou moun ki gen DACA kounye a oswa ki gen DACA ekspire mwens pase yon ane de sa.
  - Pou plis enfòmasyon sou DACA ak kijan pou renouvle estati DACA ou, vizite [uscis.gov/DACA](https://uscis.gov/DACA).

# Moun ki fèk vini ak moun kap chèche azil

## Ekspansyon Depòtasyon akselere odela fwontyè a

- Apati 21 Janvye 2025, Depatman Sekirite Enteryè a te elaji itilizasyon yon pwosesis ki rele "depòtasyon akselere".
- Depòtasyon akselere pèmèt gouvenman an depòte rapid yon moun yo kwè ki pa gen papye, san yo pa parèt devan yon jij imigrasyon.
  - Sèl eksepsyon nan depòtasyon akselere a se si yon moun di ke li pè tounen nan peyi yo epi li pase yon entèvyou sou depistaj laperèz. Sa ka pèmèt yo aplike pou azil.
- Anvan sa, ICE ak CBP te itilize sèlman depòtasyon akselere kont moun ki nan 100 mil nan fwontyè a ak nan lespas 14 jou apre yo te rive.
- Kounye a, gouvenman an te anonsé ke li pral itilize depòtasyon akselere sou nenpòt moun ki san papye nan peyi a ki pa ka pwouve ke yo te nan peyi Etazini kontinyèlman pou omwen dezan anvan arrestasyon an.
- Moun yo ta dwe konnen dwa yo epi swiv etap yo pou pwoteje tèt yo ak fanmi yo, tankou pote dokiman pou pwouve rezidans dezan si sa aplikab.
- Pou plis enfòmasyon, vizite [nilc.org/resources/know-your-rights-expedited-removal-expansion/](https://nilc.org/resources/know-your-rights-expedited-removal-expansion/)



## Règleman Vil Nouyòk sou Dwa a Abri

- Fanmi ki fèk rive ak adilt selibatè ki te antre Ozetazini apre 15 Mas 2022 ka aplike pou plasman abri nan Roosevelt Hotel, 45 E 45th St, New York, NY 10017.
  - Sant arive a louvri 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.
  - Plasman yo ka pa imeda, kidonk fanmi yo ta dwe aplike opli vit ke posib.
  - Pou plis enfòmasyon ak asistans pou w aplike pou plasman nan yon abri, vizite: [nyc.gov/site/asylumseekers/resources/additional-resources.page](https://nyc.gov/site/asylumseekers/resources/additional-resources.page)
- Abite nan yon abri se pou yon tan limite selon si ou fè pati de yon fanmi oswa si ou se yon adilt selibatè.
  - Fanmi yo ki gen timoun minè ki antre nan abri yo limite pou sejou nan abri 60 jou. Chak 60 jou, fanmi yo pral oblige reaplike pou yon plasman nan sistèm abri a.
    - Kounye a règ sa yo aplike nan tout abri, enkli sa yo ki dirije pa Depatman Sèvis pou Sanzabri (DHS) ak Sant Repons ak Sekou pou Ijans Imanitè yo.
  - Migran selibatè ak fanmi migran adilt ki antre nan abri yo limite a yon sèl sejou 60- oswa 30 jou dapre gwoup laj yo.
    - Imigran selibatè ki gen laj 18-23 ane yo limite a yon sejou abri 60 jou.
    - Selibatè adilt migran ki gen plis pase 23 zan yo limite a yon sejou abri 30 jou.
    - Vil la ka pwolonje sejou abri a pi plis pase 30 oswa 60 jou pou adilt selibatè yo sou yon baz ka-pa-ka.
    - Yo pral ofri adilt ki gen andikap yo yon plasman pwolonje ki depase 30 oswa 60 jou, annakò ak lwa federal, leta ak lokal yo.
  - Migran yo pral gen dwa pou jwenn konsèy nan lang natif natal yo pou ede yo jwenn plis lojman pèmanan. Yon fwa moun yo fin satisfè limit sejou yo, yo dwe fè efò pou jwenn yon kote pou yo rete andeyò sistèm abri a.

# Moun ki fèk vini ak moun kap chèche azil



## Chanjman Adrès ak Chanjman Lokal

- Si w gen yon dosye imigrasyon aktyèl, ou gen obligasyon legal pou mete adrès ou ajou ak gouvènman ameriken an nan 5 oswa 10 jou apre w fin demenaje, selon ajans ki okipe dosye w la.
- Lè w chanje adrès ou ak ajans ki kòrèk yo, w ap asire w ke ou resevwa dokiman enpòtan pa lapòs tankou avi pou odyans oswa entèvyou.
- Pou chanje adrès ou ak USCIS, soumèt yon fòm Chanjman Adrès sou Entènèt oswa pa lapòs.
  - Pou chanje adrès ou sou entènèt, kreye yon kont nan [myaccount.uscis.gov](https://myaccount.uscis.gov) oswa voye yon fòm sou entènèt nan [uscis.gov/COA](https://uscis.gov/COA)
  - Pou chanje adrès ou pa lapòs, ranpli Fòm AR-11, Kat Chanjman Adrès Etranje a, epi poste li nan adrès ki nan Paj 2 fòm nan sou [uscis.gov/ar-11](https://uscis.gov/ar-11).
  - Remake: Ou dwe soumèt yon fòm apa pou chak manm fanmi ki enkli nan aplikasyon azil ou a.
- Si w nan pwosedi ranvwa, ou dwe chanje adrès ou swa ak Tribunal Imigrasyon (IC) oswa Komisyon Apèl pou Imigrasyon (BIA).
  - Si w pa sèten nan ki ajans dosye w la ye, ou ka tcheke sitwèb EOIR: [acis.eoir.justice.gov](https://acis.eoir.justice.gov).
  - Pou chanje adrès ou sou Entènèt, soumèt Fòm EOIR-33/IC oswa EOIR-33/BIA nan [respondentaccess.eoir.justice.gov](https://respondentaccess.eoir.justice.gov).
  - Pou chanje adrès ou an pèsòn oswa pa lapòs, swiv enstriksyon ki nan paj 2 Fòm EOIR-33.
  - Remake: W ap oblige voye tou yon kopi fòm chanjman adrès ou a bay DHS OPLA swiv enstriksyon yo ki sou fòm nan.

- Ou ka jwenn tout fòm yo nan [justice.gov/eoir/eoir-forms](https://justice.gov/eoir/eoir-forms).
  - Tradiksyon yo disponib nan Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Panjabi, Panyòl, ak Ris
- Si ou pa kapab ale nan odyans ou yo paske Tribunal Imigrasyon w lan twò lwen epi gen yon lòt Tribunal Imigrasyon ki pi pre nouvo adrès ou a, ou ka soumèt yon Mosyon pou Chanje Lokal.
  - Remake: Yon Mosyon pou Chanje Lokal se yon demann espesyal epi li pi konplike pase yon fòm Chanjman Adrès. Li sijere ke ou gen yon avoka ki ede ou.
- Pou plis enfòmasyon sou demenajman, Chanjman Adrès, ak Chanjman Lokal, vizite: [help.asylumadvocacy.org/faqs-moving-traveling](https://help.asylumadvocacy.org/faqs-moving-traveling)

## Anrejestreman Imigrasyon

- Gen anpil ajans imigrasyon diferan nan gouvènman ameriken an. Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) se ajans ki fè respekte lwa imigrasyon, epi Pwogram Sipèvizon Entansif Aparans (ISAP) se non pwogram ICE pou kontwole sèten imigran.
- Gen kèk moun ki oblige anrejestre regilyèman avèk ICE oswa ISAP kòm yon pati nan dosye yo. Si w te antre Ozetazini lè w te travèse fwontyè a epi yo te arete w, oswa si yo te arete w kèk tan apre w te fin antre nan peyi a, ou ka gen anrejestreman ICE oswa ISAP.
  - Si w oblige anrejestre, li enpòtan pou w parèt nan randevou w la. Si w rate randevou w la, sa ka konsidere kòm yon vyolasyon epi li ka gen konsekans nan dosye imigrasyon w lan.
  - Gen yon risk pou yo pran w nan gadavi ICE nan randevou sa yo. Moun yo ta dwe fè yon plan epi prepare yo anvan randevou yo.
- Si w pa sèten si w gen yon enskripsyon ak ICE, si w bezwen pran yon randevou oswa repwogramme yon enskripsyon, oswa si w gen kesyon sou chanje adrès ou, ale sou [ice.gov/check-in](https://ice.gov/check-in).
- Pou plis enfòmasyon sou pwosesis enskripsyon an, vizite: [help.asylumadvocacy.org/faqs-ice-isap](https://help.asylumadvocacy.org/faqs-ice-isap)

# Resous fanmi



## Konje Prenatal Eta Nouyòk Peye

- Apati 1ye Janvye 2025, Eta New York ap prezante Konje Prenatal Peye.
- Nenpòt Nouyòkè k ap travay prive ki ansent ap kapab resevwa yon lòt 20 èdtan konje maladi peye pou swen prenatal.
- Swen prenatal se anplis de konje maladi anplwaye yo ki deja egziste epi li pa bezwen akimile. Li disponib osito ke yon anplwaye kòmanse travay.
  - Konje Prenatal Peye separe ak Konje Maladi Eta New York oswa nenpòt lòt règleman oswa avantaj konje.
  - Anplwayè yo pa kapab fòse anplwaye yo pou yo itilize lòt kalite konje anvan yo itilize Konje Prenatal Peye oswa chwazi yon konje pase yon lòt.
- Anplwaye yo ka itilize konje sa a pou plizyè gwochè nan yon ane, men yo limite a 20 èdtan nan yon peryòd 52 semèn.
- Konje Prenatal Peye aplike pou tout anplwaye nan sektè prive, kèlkeswa okipasyon an, endistri, oswa kondisyon atan pasyèl oswa èdtan siplemantè.
- Swen prenatal gen ladan tretman fètilite tankou fegondasyon in vitro ak swen nan fen gwochè la.
- Pou plis enfòmasyon, vizite [ny.gov/prenatal](#)

## Ekstansyon kredi timoun Empire State

- Tout fanmi ki ranpli taks ki gen timoun ki pokonbo gen 17 ane elijib pou kredi pou timoun Empire State, sipleman Eta New York nan Kredi taks federal pou timoun.
- Si w gen yon timoun ki depandan ki pokonbo gen 17 an, ranpli taks, epi w ap viv nan Eta New York aplentan (oswa w marye ak yon moun ki abite aplentan) ou kalifye pou resevwa kredi taks ranbousab sa a nan pwochen sezoun pou deklarasyon taks la.
- De preferans, kredi pou timoun Empire State gen ladann paran ki ranpli taks yo lè w itilize yon Nimewo Idantifikasyon Endividye (ITIN).
- Pou plis enfòmasyon sou kredi pou timoun Empire State, vizite [tax.ny.gov/pit/credits/empire\\_state\\_child\\_credit.htm](http://tax.ny.gov/pit/credits/empire_state_child_credit.htm).

## Pwogram Asistans Swen Timoun

- Kounye a, fanmi yo elijib pou asistans gadri si yo fè 85% revni medyàn eta a oswa mwens.
  - Yon fanmi ap elijib si yo gen yon revni anyèl ki pa plis pase:
    - \$73,869.56 pou yon fanmi de 2 moun
    - \$91,250.63 pou yon fanmi de 3
    - \$108,631.70 pou yon fanmi de 4
    - \$126,012.77 pou yon fanmi de 5
    - \$143,393.84 pou yon fanmi de 6
  - Depans yo pral limite a 1% nan revni total fanmi an pi wo pase liy povrete a pou fanmi k ap patisipe yo.
  - Kantite absans akseptab anyèl yo se 80.
- Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou wè si ou kapab jwenn gadri pou yon pri ki ba oswa gratis, vizite [ocfs.ny.gov/ccap](http://ocfs.ny.gov/ccap).

# Lekòl ak edikasyon

## Sistèm Lekòl Piblik (3K-12)

- Eta Nouyòk garanti chak timoun, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo, dwa a yon bon jan kalite edikasyon gratis, kòmanse nan jadandanfan epi jiskaske yo swa resevwa yon diplòm lekòl segondè, oswa jiska laj nan fen ane kote elèv la vin gen 21 ane.
- Fanmi yo garanti dwa pou yo jwenn tradiksyon ak entèpretasyon tout dokiman ki gen enfòmasyon enpòtan sou edikasyon yon timoun nan yon fason apwopriye.
- Elèv yo ka aplike epi enskri nan yon lekòl piblik Eta New York nenpòt ki lè pandan ane a, menmsi opsyon yo ka limite andeyò peryòd enskripsyon tradisyonèl la
- Lekòl piblik yo ka pa mande enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon yo epi yo p ap pataje enfòmasyon elèv yo pou okenn pwogram lajounen lekòl regilye. Kèk pwogram timoun pití ki gen èdtan pwolonje ka gen kondisyon imigrasyon oswa kalifikasyon ki baze sou revni.
- Enfòmasyon sou Lekòl Piblik Vil Nouyòk
  - Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou mande sèvis tradiksyon ak entèpretasyon nan yon Lekòl Piblik Vil Nouyòk, vizite [schools.nyc.gov/hello](http://schools.nyc.gov/hello) oswa rele [718-935-2013](tel:718-935-2013).
  - Pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis admision an, telechaje “2023 NYC Public Schools Admission Guide,” ki disponib nan 9 lang, nan [schools.nyc.gov/admissions](http://schools.nyc.gov/admissions).
  - Pou jwenn ak aplike nan yon Lekòl Piblik Vil Nouyòk, vizite [myschools.nyc](http://myschools.nyc), rele 311, oswa vizite yon Sant Akèy pou Fanmi pou jwenn asistans. Ou ka jwenn lokal Sant Akèy pou Fanmi yo nan [schools.nyc.gov/fwc](http://schools.nyc.gov/fwc)
  - Peryòd enskripsiyo yo varye selon diferan nivo klas yo. Pou wè Kalandriye Admisyon Otòn 2024 la, vizite [schools.nyc.gov/enroll](http://schools.nyc.gov/enroll).

## Èd Finansye pou Kolèj

- Jwenn èd nan [UnderstandingFAFSA.org](http://UnderstandingFAFSA.org), yon sit entènèt ki bay gid ak resous pou elèv ak fanmi k ap chèche lajan pou kolèj.
  - Gid FAFSA gratis pou elèv lekòl segondè yo disponib nan dis lang.
  - Sitwèb la te mete ajou paj Pratik yo pou etidyan san papye yo ansanm avèk fanmi imigran yo
- Pwogram èd finansye Eta New York
  - Pwogram Asistans finansye pou lekòl (TAP) ede rezidan New York ki elijib yo peye ekolaj nan lekòl yo apwouve nan Eta New York.
    - Yon prim TAP anyèl kapab jiska \$5,665. Paske TAP se yon sibvansyon, ou pa oblige ranbouse l.
    - Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike, vizite [hesc.ny.gov/tap](http://hesc.ny.gov/tap)
  - Bousdetid Excelsior
    - Bousdetid Excelsior la, ansanm ak lòt pwogram èd finansye elèv yo, pèmèt elèv yo ale nan yon kolèj SUNY oswa CUNY gratis
    - Elèv yo ki gen fanmi ki gen yon revni anyèl \$125,000 oswa mwens elijib pou aplike.
    - Bousdetid Excelsior la louvri nan mwa Desamm 2024 pou tèm akademik Prentan 2024-2025 la.
    - Pou plis enfòmasyon oswa pou aplike, vizite [hesc.ny.gov/excelsior](http://hesc.ny.gov/excelsior)
  - Lwa DREAM Eta New York senatè José Peralta bay etidyan ki san papye yo ak lòt aksè nan sibvansyon ak bousdetid ki administre pa Eta New York ki soutni frè detid siperyè yo.
    - Pou plis enfòmasyon oswa pou aplike, vizite [hesc.ny.gov/dream](http://hesc.ny.gov/dream)



# Otonomizasyon finansye



## Depoze taks ou an 2025

- Sezon taks 2025 la kòmanse!
- IRS ap aksepte epi trete deklarasyon pou ane fiskal 2024 la, epi dat limit pou ranpli se Madi 15 Avril 2025.
- Èske ou bezwen èd pou ranpli taks ou?
  - Ou ka jwenn asistans gratis pou preparasyon taks pa volontè IRS ki sètifye nan pwogram Asistans taks sou revni volontè (VITA), Tax Counselling for the Elderly (TCE), ak pwogram Tax-Aide.
    - Sèvis sa yo disponib si revni w se \$67,000 oswa mwens, si w gen 60 an oswa plis, oswa si w gen yon andikap oswa si w pa pale angle.
    - Pou plis enfòmasyon ak pou jwenn yon kote toupre w, vizite [irs.gov/VITA](https://irs.gov/VITA)
  - Ou ka konekte ak volontè IRS vityèlman ki sètifye pou prepare taks ou atravè [GetYourRefund.org](https://GetYourRefund.org)
    - Sèvis sa a gratis si revni w se \$67,000 oswa mwens, epi li se yon bon opsyon si ou konfòtab pou itilize teknoloji.
  - Ou ka prepare epi ranpli pwòp deklarasyon w atravè IRS Free File nan [irs.gov/freefile](https://irs.gov/freefile)
    - Si revni w se \$84,000 oswa mwens, ou ka jwenn asistans gide pou preparasyon taks ou.
- Atansyon pou fwod! IRS p ap janm voye tèks, imèl, oswa kontakte w sou rezo sosyal pou mande enfòmasyon pèsonèl oswa finansye w.
  - Aprann enfòmasyon sou fwod taks ki sot pase yo ak kijan pou rekonèt ak rapòte youn nan [irs.gov/alerts](https://irs.gov/alerts)

## Ogmantasyon Salè Minimòm Eta New York 1ye Janvye 2025

- Apati 1ye Janvye 2025, Eta New York pral ogmante salè minimòm nan.
  - Nan Eta New York, salè minimòm pral \$15.50.
  - Nan Vil Nouyòk, Long Island, ak Westchester, salè minimòm yo pral \$16.50.

## Aplike pou yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl (ITIN)

- ITIN yo disponib pou moun ki oblige gen yon nimewo idantifikasyon kontribyab ameriken men ki pa genyen, epi ki pa kalifye pou, yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN). Lè w gen yon ITIN sa pèmèt ou ranpli taks ak reklame kredi taks ke ou kalifye pou yo.
- Done ki soti nan Internal Revenue Service (IRS), ki gen ladan enfòmasyon sou moun k ap fè taks ITIN, yo pwoteje pa lalwa, epi yo pa ta dwe itilize pou ranfòsman imigrasyon.
- Tanpri sonje ke w ap aplike epi jwenn apwobasyon pou yon ITIN sa ka pran jiska kèk mwa, kidonk ou ta dwe aplike bonè olye w tann jiskaske sezon taks.
- Pou aprann plis sou fason pou aplike, pou ki kredi taks ou ta ka elijib ak lòt avantaj pou jwenn yon ITIN, vizite [taxoutreach.org/tax-filing/itin](https://taxoutreach.org/tax-filing/itin)

## Nouvo to peman minimòm pou travayè ki fè livrezon manje nan vil Nouyòk

- Si w fè livrezon restoran pou yon aplikasyon nan Vil Nouyòk, ou gen dwa kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w.
- Aplikasyon w lan dwe peye w omwen \$19.56 pa èdtan (sa pa enkli poubwa) pou tan ou pase ap fè livrezon yo.
  - Minimòm sa a ap ogmante 1ye Avril chak ane.
  - Aplikasyon yo dwe swiv lòt règleman ki ogmante salè yo.
- Pou plis enfòmasyon sou salè minimòm ak dwa travayè yo, vizite [nyc.gov/DeliveryApps](https://nyc.gov/DeliveryApps).
  - Enfòmasyon yo disponib an Angle, Panyòl, Arab, Bengali, Chinwa, Franse, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Polonè, Ris, ak Oudou.

# Demokrasi

## Jen 2025 Primè Majistra

- Primè majistra pou NYC, Albany, ak Buffalo se 24 Jen 2025.
- Pou patisipe nan yon eleksyon primè nan Eta New York, ou dwe anrejistre nan yon pati k ap organize yon eleksyon.
- Dènye jou pou w enskri pou w vote nan eleksyon primè sa a, oswa pou w chanje adrès ou, se 14 Jen 2025.
- Pou w revize enskripsyon votè w ak afilyasyon yon pati, vizite [voterlookup.elections.ny.gov](http://voterlookup.elections.ny.gov).
  - Si w gen kesyon sou estati enskripsyon w, kontakte Konsèy Eleksyon konte w la: [elections.ny.gov/CountyBoards.html](http://elections.ny.gov/CountyBoards.html)
  - Rezidan NYC: vizite [vote.nyc](http://vote.nyc)

## Enskri pou vote

- Ou ka enskri pou vote si ou gen 16 ane oswa plis, ou se yon Sitwayen Ameriken ak yon rezidan nan New York pou omwen 30 jou anvan eleksyon an.
  - Si w gen laj 16 oswa 17 ane, ou ka enskri davans pou w vote, men ou pa ka vote jiskaske w gen 18 ane.
  - Ou pa kapab enskri pou vote si w nan prizon pou yon kondanasyon krim oswa si yon tribinal jije ou enkapab mantalman.
- Konsèy Eleksyon Eta New York:  
[www.elections.ny.gov/VotingRegister.html](http://www.elections.ny.gov/VotingRegister.html)
- Konsèy Eleksyon Eta New York:  
[vote.nyc/page/register-vote](http://vote.nyc/page/register-vote)
- Anrejistre sou Entènèt (si w gen yon Lisans Chofè Eta Nouyòk, yon Pèmi oswa yon ID ki pa lisans): [voterreg.dmv.ny.gov/MotorVoter](http://voterreg.dmv.ny.gov/MotorVoter)
- Mande yon fòm enskripsyon sou papye pa telefòn (ki disponib nan lang angle oswa panyòl): 1-800-FOR-VOTE ([1-800-367-8683](tel:1-800-367-8683))
- Ou pa sèten si ou anrejistre pou vote? Tcheke sitiyasyon enskripsyon elektè w nan [voterlookup.elections.ny.gov](http://voterlookup.elections.ny.gov)

## Dwa w nan biwo vòt yo

- Votè yo ka vizite NENPÒT Sant Vòt Bonè nan konte kote yo abite a, eksepte nan Vil Nouyòk, kote votè yo afekte pa adrès nan YON sit pou vòt bonè.
- Si ou kwè ou elijib pou vote epi ou te anrejistre alè pou vote, men yo pa t kapab jwenn non w sou lis elektè yo, ou ka mande yon bilten vòt pwovizwa oswa yon bilten affidavit.
- Ou pa oblige prezante idantite nan biwo vòt yo menm si w se yon moun ki vote pou premye fwa.
- Ou ka toujou vote si w ap fè eksperyans sanzabri.
- Nan kèk sikontans, ou ka toujou elijib pou vote si yo te kondane w pou yon krim.
- Pou plis kondisyon sou elijiblite:  
[www.nycvotes.org/how-to-vote/voting-rights](http://www.nycvotes.org/how-to-vote/voting-rights)
- Gen kèk anplwaye nan Eta New York ki elijib pou resevwa jiska dezèdtan konje peye pou yo ka vote. Tcheke pou wè si ou kalifye:  
[www.elections.ny.gov/NYSBOE/elections/TimeOffToVoteFAQ.pdf](http://www.elections.ny.gov/NYSBOE/elections/TimeOffToVoteFAQ.pdf)

**Pou aprann plis sou sistèm eleksyon nou yo ak kijan yo fonksyone, gade vidéyo nou yo:**  
[nyic.me/civics](http://nyic.me/civics)



# Konnen dwa ou yo

**Manm kominote ak alye yo ta dwe konnen dwa yo chak fwa yo fè fas ak Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE), Patwouy Fwontyè, oswa lòt lapolis.**

**Si imigrasyon oswa lòt ajan polis kanpe w, sonje:**

- Rete Poze. pa kouri. Pa reziste oswa bloke ofisyè a.
- Pa bay manti oswa pa bay fo dokiman.
- Ou gen dwa rete an silans. Nenpòt bagay ou di yo ka itilize kont ou
- Si yon ajan mande si yo ka fouye w oswa afè w yo, ou gen dwa di non.
  - Sepandan, ou ka pa reziste fizikman
  - Lapolis ka manyen rad ou si yo sispèk yon zam.
- Si ou pa yon sitwayen ameriken epi yon ajan imigrasyon mande papye imigrasyon w, ou dwe montre yo si ou genyen yo avèk ou.
- Si yo kanpe w, arete w oswa lapolis arase w, eseye jwenn non ajan an (yo), nimewo, ak nenpòt lòt enfòmasyon idantifikasyon.
- Oumenm oswa yon lòt moun nan kominote a ka pran video oswa odio anrejistreman entèraksyon yo avèk lapolis. Ou ka ekri tou sa ki te pase a apre yo fin ale.
- Li ilegal pou ajan kap fè respekte lalwa yo fè nenpòt arè, foy, detansyon, oswa depòtasyon ki baze sou ras ou, orijin nasional, reliyon, sèks, oswa etnisite ou.

**Ou ka rapòte entèraksyon ak ajan federal yo bay Pwojè Defans Imigran (IDP).**

**IDP bay enfòmasyon legal ak referans tou pou imigran yo te arete yo, yo te ba yo tikè oswa yo te kondane yo pou yon krim. Rele 212-725-6422 oswa imèl info@immdefense.org**



## Espas Prive yo

- Kay ou ak lòt "espas prive" (tankou zòn travay sèlman pou anplwaye yo) genyen pwoteksyon espesyal espas publik yo pa genyen. Ofisyè yo ka antre nan espas prive sèlman si yo gen konsantman w oswa si yo montre w yon manda jidisè (jij ki siyen).

## Zòn Pwoteje yo

- Nan mwa Janvye 2025, administrasyon Trump lan te anile yon politik depi lontan ki te dirije ICE ak CBP pou evite ranfòsman imigrasyon nan "zòn sansib" oswa "zòn pwoteje" tankou lekòl, etablisman swen sante, ak kote yo adore.
- Malgre chanjman sa yo, Nouyòkè yo toujou gen kèk pwoteksyon nan kote sa yo.
- Yon Dekrè Egzekitif Eta New York 2018 entèdi ranfòsman imigrasyon nan etablisman Eta New York tankou yon lekòl publik oswa lopital sof si ICE gen yon manda jidisè.
- Lwa ki Pwoteje Tribunal Nou yo pwoteje Nouyòkè yo kont arrestasyon nan tribunal eta, vil ak minisipalite san yon manda jidisè.
- ICE ak lòt ajan yo pa kapab antre nan "espas prive" san yon manda jidisè oswa konsantman pwopriyetè a.

## Ou dwe okouran de fwod imigrasyon

- Lwa imigrasyon konplike. Fè atansyon lè w ap diskite sou sitiayson w ak nenpòt moun oswa biznis
- Ou ta dwe sèlman pale ak yon avoka oswa reprezantan Depatman Jistis (DOJ) akredite pou konsèy legal sou sitiayson w.
- Pa janm jwenn èd pou imigrasyon nan men yon "notario", yon ajan vwayaj, yon moun k ap prepare taks, yon moun k ap prepare fòm oswa yon notè. Ozetazini, yon "notario" se PA yon avoka!

**Si w bezwen èd avèk dosye w la oswa si w gen kesyon jeneral sou imigrasyon, rele liy dirèk Biwo pou Nouvo Ameriken yo nan 1-800-566-7636.**

# Sekirite Kominotè



**Tout moun, kèlkeswa estati imigrasyon oswa idantite yo, merite pou yo an sekirite nan kominote yo.**

## Krim Rayisman ak Patipri

- Yon krim rayisman se yon ofans ki motive pa patipri kont ras, koulè, oriijn nasyonal, zansèt, sèks, reliyion, pratik relijye, laj, andikap oswa oryantasyon seksyèl yon moun.
- Eta New York gen yon Gwooup Travay sou Krim Rayisman pou adrese ogmantasyon nan rapò sou menas, arasman ak vyolans ki baze sou patipri.
- Si w wè yon bagay oswa si w viktim yon krim rayisman:
  - Rapòte li bay Divizyon Dwa Moun Eta New York. Rele [1-888-392-3644](#), voye tèks "HATE" nan [81336](#), oswa ale nan [forms.ny.gov/s3/Hate-Crime-Tips](#). Ou ka vizite [dhr.ny.gov](#) pou plis enfòmasyon
  - Pou rapòte yon krim rayisman k ap fèt oswa nenpòt ijans, rele [911](#) imedyatman.
- Lè yo rapòte krim rayisman, tout enfòmasyon konsènan eksperyans ou, idantite w ak lòt moun rete konfidansyèl.
- Ou ka rapòte yon krim rayisman epi resevwa sèvis kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w.

## Resous Kominotè

- Biwo Vil Nouyòk pou Prevansyon Krim Rayisman yo ofri sèvis, resous ak sipò pou manm kominotè ansanm avèk òganizasyon yo. Resous yo disponib nan plizyè lang. Pou plis enfòmasyon, vizite [nyc.gov/stophate](#).
- Sant pou Edikasyon Anti-Vyolans travay pou anpeche, deranje, ak geri de vyolans rayisman nan kominote New York yo. Yo gen pwogram edikasyon sou defans pwòp tèt ou, atelye travay pou moun k ap gade, ak otonomi jèn yo. Rele [1-718-788-1775](#) oswa vizite [caeny.org](#) pou plis enfòmasyon.

## Konekte avèk Kominote a

- AAPI
  - Asian Americans for Equality: [212-979-8381](#), [aafe.org](#)
  - Chhaya for South-Asian and Indo-Caribbean communities: [718-478-3848](#), [chhayacdc.org](#)
  - Korean Family Service Center: [718-460-3800](#), [kafsc.org](#)
  - MinKwon Center for Community Action: [718-460-5600](#), [minkwon.org](#)
  - National Federation of Filipino American Associations New York: [212-684-0542](#), [naffaa.org](#)
  - Sikh Coalition: [516-930-0302](#), [sikhcoalition.org](#)
- African
  - African Communities Together: [347-746-2281](#), [africans.us](#)
  - African Services Committee: [212-222-3882](#), [africanservices.org](#)
  - Sauti Yetu Center For African Women: [718-665-2486](#), [sautiyetu.us](#)
- Arab/Muslim
  - Arab American Association of New York: [718-745-3523](#), [arabamericanyny.org](#)
  - Council on American-Islamic Relations of New York: [646-665-7599](#), [cair-ny.org](#)
  - Muslim Community Network: [347-519-2755](#), [mcnny.org](#)
- Andikap
  - Center for Disability Rights: [585-546-7510](#), [cdrnys.org](#)
  - Disability Rights New York: [518-432-7861](#), [drny.org](#)
- Panyòl/Latino
  - Hispanic Federation: [866-432-9832](#), [hispanicfederation.org](#)
  - Latino Commission on AIDS: [212-584-9325](#), [latinoaids.org](#)
  - Mixteca: [718-965-4795](#), [mixteca.org](#)
  - TransLatinx: [646-882-2000](#), [translatinxnetwork.org](#)
- LGBTQ+
  - Caribbean Equality Project: [347-709-3179](#), [caribbeanqualityproject.org](#)
  - Gay, Lesbian, Bisexual and Transgender Community Center: [212-620-7310](#), [gaycenter.org](#)
  - New York City Gay and Lesbian Anti-Violence Project: [212-714-1141](#), [avp.org](#)
- Ameriken Nativ Natal ak Nativ Natal Alaska
  - American Indian Community House: [646-575-3638](#), [aich.org](#)
  - North American Indigenous Center of New York: [516-930-0302](#), [naicny.org](#)

# Resous NYS



## Biwo pou Nouvo Ameriken NYS

- Si oumenm oswa yon moun ou konnen ki bezwen asistans legal gratis, rele liy dirèk la nan [1-800-566-7636](tel:1-800-566-7636). Tout enfòmasyon apèl yo konfidansyèl.

## Depatman Sante NYS

- Aplikasyon pou kouvèti sante: rele [1-855-355-5777](tel:1-855-355-5777) oswa vizite [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov).

## Biwo Sante Mantal NYS

- Pou kesyon sou sèvis sante mantal oswa pou jwenn yon founisè sèvis sante mantal, rele [1-800-597-8481](tel:1-800-597-8481) oswa vizite [omh.ny.gov](http://omh.ny.gov).
- Liy Asistans Nasyonal pou Prevansyon Swisid: Si lavi w oswa yon lòt moun an danje iminan, rele 911. Si w nan kriz epi w bezwen èd imeda, rele [1-800-273-8255](tel:1-800-273-8255) oswa voye tèks "GOT5" nan [741-741](tel:741-741).

## Biwo Eta Eta New York pou Prevansyon Vyolans Domestik

- Si oumenm oswa yon lòt moun nan yon relasyon ki kontwole pa yon lòt moun atravè abi vèbal, fizik, oswa seksyèl, oswa lòt taktik, rele liy dirèk Vyolans Domestik Eta New York la nan [1-800-942-6906](tel:1-800-942-6906).
- Pou pale ak yon avoka sou Entènèt, vizite [opdv.ny.gov](http://opdv.ny.gov). Disponib 24/7 nan pifò lang yo.

## Depatman Travay NYS

- Depatman Travay la angaje l pou l pwoteje ak pwomouvwa sekirite ak sante travayè yo, salè, ak kondisyon travay yo.
- Pou jwenn enfòmasyon sou lwa sou salè ak èdtan, sante ak sekirite nan travay, oswa pou depoze yon plent, rele [1-888-469-7365](tel:1-888-469-7365) oswa vizite [dol.ny.gov/safety-and-health](http://dol.ny.gov/safety-and-health)
- Pou èd ak Asirans Chomaj, rele [1-888-209-8124](tel:1-888-209-8124) oswa vizite [dol.ny.gov/unemployment/unemployment-insurance-assistance](http://dol.ny.gov/unemployment/unemployment-insurance-assistance).

## Divizyon Dwa Moun Eta New York

- Lwa sou Dwa Moun nan New York entèdi diskriminasyon nan domèn tankou travay, lojman, kredi, edikasyon, ak lokasyon nan akomodasyon piblik, ki baze sou laj, ras, orijin nasional, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl, eta sivil, andikap, estati militè, ak lòt klas yo.
- Si w santi yo te fè diskriminasyon kont ou, pote yon plent nan [1-888-392-3644](tel:1-888-392-3644) oswa vizite [dhr.ny.gov](http://dhr.ny.gov).

## Lojman NYS

- Pou jwenn èd pou lojman abòdab, rele [1-877-428-8844](tel:1-877-428-8844) oswa vizite [nyhousingsearch.gov](http://nyhousingsearch.gov).
- Pou jwenn enfòmasyon sou lotri lojman abòdab nan Vil Nouyòk, rele [212-863-7990](tel:212-863-7990) oswa vizite [housingconnect.nyc.gov](http://housingconnect.nyc.gov).
- Pou jwenn enfòmasyon sou dwa lokatè yo nan Eta New York, vizite [ag.ny.gov/publications/residential-tenants-rights-guide](http://ag.ny.gov/publications/residential-tenants-rights-guide).

## Biwo Sèvis Viktim Eta New York

- Si oumenm oswa yon moun ou konnen te eksperimante yon krim rayisman, Biwo Sèvis Viktim Eta New York kapab ede w ak bòdwo medikal ak depans pou konsèy, depans fineray ak antèman, salè ki pèdi, ak lòt kalite asistans. Rele [1-800-247-8035](tel:1-800-247-8035) oswa vizite [ovs.ny.gov](http://ovs.ny.gov) pou plis enfòmasyon.

Pou wè dokiman sa a sou entènèt oswa nan lòt lang, vizite [nyic.org/KYR](http://nyic.org/KYR) oswa eskane kòd sa a:



Si w gen kesyon oswa kòmantè sou bwat zouti sa a oswa enfòmasyon ki ladan I, tanpri kontakte:  
Bryan Lee – [blee@nyic.org](mailto:blee@nyic.org)

Kowalisyon Imigrasyon New York (NYIC) se yon politik parapli ak òganizasyon defans ki reprezante plis pase 200 gwoup dwa imigran ak refijye atravè New York.

Nou anvizaje yon Eta New York ki pi fò paske yo akeyi tout moun, trete yo san patipri, epi yo ba yo chans pou yo reyalize rèv yo. Misyon nou se ini imigran, manm, ak alye yo pou tout Nouyòkè yo ka pwospere.



#### New York Immigration Coalition

131 W 33rd St, Ste 610  
New York, NY 10001  
212 627 2227  
[nyic.org](http://nyic.org)